

Hari ivyo ishira hamwe rikotesha amazu canke nyene inzu bategerezwa gukurikiza mugihe bashatse kongeza amahera yo kuriha inzu.

Iyo ushize umukono ku masezerano y'inzu – kenshi na kenshi ni ikiringo c'amezi 6 canke amazi 12.

Muri icyo kiringo, nyene inzu ntashobora kongeza amahera y'inzu, kiretse iyo vyanditswe mu masezerano ko yemerewe kubikora.

Amasezerano ategerezwa kwerekana amahera canke uburyo bukoresha mu kongeza amahera y'inzu.

Nyene inzu arashobora kongeza amahera y'inzu mu gihe uwuba mu nzu amazemwo imyaka 2 canke irenga.

Iyo uriko urashira umukono ku masezerano y'ikindi kiringo, amahera y'inzu ntibashobora guca bayongeza ubwo nyene.

Ishira hamwe rikotesha amazu canke nyene inzu ategerezwa kukwandikira iminsi 60 imbere y'uko atangura kwongeza amahera y'inzu.

Nk'akarorero, mu gihe amasezerano y'inzu ari ayo amazi 6 canke 12 ukaba ubandanya kuba mu nzu atayandi masezerano mashasha ufise, amahera y'inzu barashobora kuyongeza mu gihe bakwandikiye bakumenyesha iminsi 60 imbere y'igihe.

Ukaba ubona ko utashobora kuriha amahera bongeye, vugana n'ishira hamwe rikotesha amazu canke nyene inzu ubwo nyene. Murashobora kwemeranya bakongeza amahera makeyi mu gihe usanzwe ufata inzu neza.

Baramutse bavyemeye – ni vyiza ko bavyandika.

Mu gihe wibaza ko amahera bongeye y'inzu ari umurenge – urashobora gusaba kuri Consumer, Trader and Tenancy Tribunal (sentare ijejwe abakoresha, abadandaza n'abakotesha amazu) kugira ngo bafate ingingo niba amahera yongeye ari umurenge.

### **Ndashobora gukotesha k'uwundi muntu inzu nanje nsanzwe nkotesheje?**

Abakotesheje inzu bamwe bamwe barashaka kuziganya amahera mu gusangira inzu n'abandi.

Iyo uwundi muntu akotesheje icumba kigaragara, garaje canke akazu ko kuruhande – ibi bavyita gukotesha inzu nawe usazwe ukotesheje.

Umuntu bakotesheje inzu basazwe bakotesha bamwita uwukotesha inzu isanzwe ikotesheje.

Uwukotesheje inzu asaba amahera uwukotesha inzu isanzwe ikotesheje kandi iyo uwukotesha inzu isanzwe ikotesheje yononye ikintu bibazwa uwukotesheje inzu.

Abakotesha amazu basabwa kumenyesha ishira hamwe rikotesha amazu canke nyene inzu imbere yo gukotesha inzu usanzwe nawe ukotesheje.

Nyene inzu arashobora kwanka ko ukotesha uwundi muntu inzu nawe usazwe ukotesheje – kiretse ufise impamvu yumvikana.

Mugabo ushaka gukotesha inzu yose hanyuma wewe uce wimuka, nyene inzu arashobora kuvyanka. Kandi barashobora kuvyanka mugihe bibaza ko bishobora gutuma ababa mu nzu boca barenga igitigiri.

Nk'akarorero, mugihe abantu 8 baba mu nzu ifise ivyumba 2 vyo vy'uburaro, muri icyo gihe hari abantu benshi baba ahantu hatwo. Muri icyo gihe abantu baba barenze igitigiri.

Mu gihe wemeza ko nyene inzu yakurenganije kuri icyo ngingo, urashobora gusaba kuri Consumer, Trader and Tenancy Tribunal (sentare ijejwe abakoresha, abadandaza n'abakotesha amazu) kugira ngo babakirane.

Kuri sentare baca bafata ingingo batabogamye.

Ukaba ukeneye izindi nsiguro ku burenganzira n'ivyo utegerezwa, reba ku murongo wa interenete wa Fair Trading kuri [www.fairtrading.nsw.gov.au](http://www.fairtrading.nsw.gov.au) canke uhamagare kuri 13 32 20.

Ukaba ukeneye umusiguzi, hamagara kuri 13 14 50.